Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 49 (7345)
30 ноябрь 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъаби

## Иргадулаб совещание



Гьал къоязда районалъул бетIерасул заместитель С. АрулмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана иргадулаб совещание.

Гьенир гIахьаллъана: экономикияб, инвестиционниябгун предпринимательствалъул отделалъул нач. М. ГIадуев, гьебго отделалъул бетIерав специалист ХI. МаллахIусейнов, росабазул администрациябазул бутIрул, «Единная информационнияб службаялъул» нухмалъулев МухIамаднаби ХIайбулаев.

Данделъиялъул аслияб суаллъун букIана ракьазул ва буголъиялъул налогал ракIари.

«Налогал ккола пачалихъалъул гIарцулал сурсатазул аслияблъун. Гьел ракIари ккола палихъалъул кIвар цIикIкIараб масъала, гьелда бараб букIуна гIемерисеб пачалихъалъ тIуразаризе кколел социалиял ва цогидалги функциял. Гьединлъидал дица нуж киналго ахIула гьеб суалалъухъ кIвар кьун ва жавабчилъиялда ралагьизе, гьарула нужеда жамагIатазда гъоркьоб гьабулеб бичIчIи кьеялъул хIалтIуде цIикIкIараб кIвар кье, бичIчIизабе гьезда гьеб суалалъул кIваралъул»,- ян абуна жиндирго кIалъаялда Сиражудин СагIадулаевичас. Гьединго гьес лъикIаблъун бихьизабуна гьаб соналъул I декабралде ракьулгун буголъиялъул налогал ракIари рагIалде бахъинабизе.

Гьеб гуребги совещаниялда гьоркьоб лъуна районалъул «Ахихъан», республикаялъул «ХIакъикъат» ва «Дагестанская правда» газетазе подписка гьабиялъул суалги.

Данделъиялда М-Н. ГIузаировичас бихьизабуна районалда хас гьабун къватIибе биччалеб газета бугин «Ахихъан» ва гьабсагIаталда унеб бугин 20I9 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие гьелъие подписка гьаби. «Гьарула нужеда киназдаго районалъул культуриябгун тарихияб бутIа нилъехъе кьолеб «Ахихъан» газеталъе подписка гьабе»,-ян абуна данделъаразда гьес.

Данделъиялъул ахиралда С. АрулмухIамадовас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гIахьаллъаразе ва гьарана киназего хIасил кьолеб хIалтIи.

## Подпискаялъул суалгун

Дагьал церегIан къоязда Шамильхъалаялда бугеб «Почта России» ФГУялъул филиалалда тIобитIана районалъул росабазул почтамтазул вакилзабиги гIахьаллъараб совещание. Гьеб ана Шамильхъалаялул почтамталъул нухмалъулесул зам. ХI. ХIусейновасул нухмалъиялда гъоркь. Гьединго тадбиралда гIахьаллъана районалъул «Единная информационная служ-баялъул» нухмалъулев МухIамаднаби ХIайбулаевги.



Совещание рагьулаго ХIусейновас тIадчIей гьабуна подписка гьабизе кколин цо районалъул газеталъе гуребги республикаялъул цогидал газетазеги,- абун. Гьединго гIахьаллъаразе тIадкъай кьуна подписка гьаби 20I8 соналъул 20 декабралде лъугIизабизе.

Жиндирго иргаялда кIалъазе вахъарав М-Н. ХIайбулаевас рагIи кьуна подпискаялъул компание нухда бачиналъе информационнияб хъулухъалъ кIвараб кумек гьабизе бугилан. Гьенибго киналго росабазул бутIрузухъе ва учреждениял-организациязул нухмалъулезухъе ритIана подписка гьабиялъе рихьизариял. Гьединго «ЕИСалъул» хIалтIухъабаз рагIи кьуна почтамтазул нухмалъулезе кумекалъе кинабго рахъалъ гIадамазда гъоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе бугин.

Совещаниялда гьоркьоб лъуна подписка гьабулаго дандчIвалел захIмалъаби, рицана цо-цо дандчIвалел гIунгутIабазул. Данделъи лъугIулаго ХIусейн ХIусейновас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна совещаниялда гIахьаллъаразе ва хадубккунисеб хIалтIулъ гьарана творческиял бергьенлъаби.

## Районалъул вакилзаби - «Эбелалъул Къоялда»

Дагьал церегIан къоязда МахIачхъалаялъул «Дом Дружбы» к1алг1аялда тIобитIана эбелалъул Къоялда, гьединго Дагъистаналъул «Матери России» жамгIияб цолъиялъул отделение гIуцIаралдаса щуго сон тIубаялда хурхараб вечер-концерт.

Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул правительствалъул администрациялъул нухмалъулев В. Иванов, правительствалъул нухмалъулесул тIоцевесев зам. А. Карибов, Совет Федерациялул член, ТIолгороссиялъул «Матери России» цолъиялъул отделалъул председатель В. Петренко, ВОД «Матери Россиялъул» член Е. Бадтиева, заманаялъ МахIачхъала шагьаралъул бетIерасул ишал тIуралев М. ГIалиев, регионазул субъектазул отделазул вакилзаби, Россиялъул БахIарчи М. НурбахIандовасул эбел Кумсият НурбахIандова ва гIемерал цогидалги.

Гьеб данделъиялда нилъер районалдаса гIахьаллъана районалъул бетIерасул зам. М. ХIасанова, саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комиссиялъул бетIерай специалист П. НурмухIамадова, «Единая Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул исполкомалъул нухмалъулей Б. КIудиева ва ГIашилтIа росдал № II «Сосна» ясли-ахалъул зав. Гульзагьра Камиловаги.

Данделъи тIобитIана Дагъистаналъул бетIер В. Васильевасул ва Дагъистаналъул правительствалъул кумекалдалъун.

Дагъистаналъул БетIерасул цIаралдасан саламалъулал рагIабигун кIалъазе вахъана Дагъистаналъул правительствалъул председателасул зам. А. Карибов: «РакI-ракIалъ баркула нужеда киназдаго нилъер гIумроялъулъ аслияй гIадан - Эбелалъул Къо! Гьал къоязда щуго сон тIубана ТIолгороссиялъул Дагъистаналъул отделения гIуцIаралдасаги. ГIорхъи гьечIого хIеренал, ракI рагьарал, нилъ жедедаса рохарал ва чIухIарал нилъер улбул-руччабаз бажарун нухде бачунеб буго гIумроялъул киналго гурхIел-рахIмуялъул, лъай кьеялъул ва гьединго гIемерал цогидалги рахъал».

Хъизан цIуниялда, лъималазе тарбия кьеялда, тIадегIанал захIматалъул бут1абазда рихьизарурал хIасилазе гIоло Дагъистан Республикаялъул шапакъатазе мустахIикълъана гIемерал руччаби-улбул. Дагъистаналъул БетIерасул Указалдалъун гьезие кьуна «Ордена матери», «За доблестный труд» медалал, мустахIикълъана гьел ХIурматалъулал грамотабазе, Амет-хан Султанил цIаралда бугеб «За вклад в патриотическое воспитание молодежи» медалазе, гьединго Дагъистаналъул бетIерасул цIаралдасан цIар тIад хъварал сагIтазе.

Совет Федерациялъул член, ТIолгороссиялъул «Матери России» жамгIияб цолъиялъул председатель Валентина Петренкоцаги баркана киназдаго праздник. Гьарана сахлъи, хъизаналдехун цIуна-къараб бербалагьи, бичIчIи буголъи, жиндие тIабигIаталъго кьураб эбелалъулаб рокьи.

Мероприятиялъул рамкаялда жаниб Совет Федерациялъул член В. Петренкоца цIалана Дагъистаналъул БетIер В. Васильевасул цIаралда бугеб баркалаялъул кагъат. Гьелда хъвалеб букIана: «ХIурматияв Владимир ГIабдугIалиевич! Эбелалъул образалъ нилъеда хIакъикъаталдаги бихьизабула чIужугIаданалъул халкъалдехун бугеб бербалагьи, рокьи, гIорхъи гьечIеб эбелалъул хинлъиялъ гьарураб къоялдаса нахъе хинлъизарула нилъ киналго. Жакъа дуца нухда бачунеб бугеб хъизан цIуниялъул ва гьеб талихIаблъун букIиналъул политикаялъ кIудияб квербакъи гьабулеб буго хIакъикъаталдаги сахаб общество Дагъистаналда цIуниялъе, эбелалъулги лъималазулги интересал цIуниялъ квербакъулеб буго гьезда дандчIвалел захIмалъаби къвинариялъе. РакI чIун абизе кIола дур гIумроялъул ва хIалтIул хIалбихьиялъ жеги гIемераб хIасил кьолеб хIалтIи гьабилин эбелалъул гIумро лъикIлъиялъе»,-абун.

Хадуб букIана улбузе «Мать Героя», «Большое сердце», «Мать-труженица» ва «Нано-мама» номинациялда шапакъатал кьей. Тадбир унеб букIана лъималазул коллективазул ва Дагъистаналъул артистазул церерахъиналгун.

ГIахьаллъаразе ракIалдаса унареблъун хут1ана «Эбелалъул Къоялда» хурхун тIобитIараб гьеб тадбир.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 49 (7345)*

*30 ноябрь 2018 сон*



**Глава республики Владимир Васильев пригласил в Дагестан делегацию профсоюзной организации Государственной думы страны. Сотрудники аппарата пробыли в республике несколько дней. За это время гости столицы ознакомились с достопримечательностями Дагестана. Они посетили старинный Дербент, побывали на бархане Сарыкум, Сулакском каньоне и в Гунибе. Делегация поблагодарила Владимира Васильева и организаторов поездки за радушный прием.**



# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
# ГЛАВА МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от «20» ноября 2018г. № 140

**«Об утверждении списка членов Общественной палаты муниципального образования «Унцукульский район»**

В соответствии с Положением об Общественной палате МР «Унцукульский район», утверждённого решением Собрания депутатов МР «Унцукульский район» от 27.08.2016 г. № 158, постановляю:

1.Утвердить список членов Общественной палаты МР «Унцукульский район» (список прилагается).

2. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте Администрации МР «Унцукульский район».

3.Контроль за исполнением оставляю за собой.

**С. Арулмагомедов**
**И.о. главы МО «Унцукульский район»**

Утверждено
постановлением главы
МР «Унцукульский район»
«20» ноября 2018г. №140

## СПИСОК
## членов Общественной палаты Унцукульского района

1. Абакаров Абдула Абдурахманович – общественный деятель;
2.Абдурахманова Гульжанат Гамзатовна – методист МКОУ «Шамилькалинская СОШ»;
3. Абдулаев Магомед Бадиевич – заместитель директора по ВР МКОУ «Унцукульская СОШ №2»;
4. Гаджиев Расул Мансурович –сторож МКОУ «Ирганайская СОШ»;
5. Гусейнов Сахратула Гусейнович – общественный деятель;
6. Магомедалиев Осман Гамзатович –художественный руководитель МКУ «ЦКиД»;
7. Магомедзагидов Хайбула Магомедзагидович – общественный деятель;
8. Магомедов Али Назирбегович –учитель МКОУ «Кахабросинская СОШ»;
9. Магомедов Магомед Гаджимагомедович –общественный деятель;
10. Муртазалиев Магомедрасул Шарапудинович –начальник ВУС Администрации МО «село Цатаних»;
11.Саадуев Саид Магомедович – общественный деятель;

# Многодетным семьям

Управление социальной защиты населения в МО «Унцукульский район» доводит до сведения граждан, что согласно постановлению Правительства РД №374 от 02.12.2016г., внесены изменения в «Порядок осуществления ежемесячных денежных выплат по оплате за ЖКУ отдельным категориям граждан в Республике Дагестан» на основании чего, правом на предоставление мер социальной поддержки многодетных семей в РД, наделяются семьи, чей средний душевой доход ниже величины прожиточного минимума (малоимущие семьи), установленного в РД.

Льготным категориям граждан, из числа многодетных семей, необходимо явиться в УСЗН для представления сведений:



а) о доходах каждого члена семьи (либо его отсутствие);
б) об отсутствии задолженности по оплате коммунальных услуг (электричесчтво ).

Перечень необходимых документов для назначения ЕДВ по ЖКУ для многодетных малоимущих семей:

1. Паспорта родителей – копии;
2. Копии свидетельств о рождении детей или их паспорта (старше четырнадцати лет);
3. Справка о составе семьи (на имя получателя льгот ЕДВ по ЖКУ);
4. Сведения о платежах за электричество, начисленных за месяц, предшествующий обращению - копии или оригинал;
5. Копию (для справки -оригинал) документа, содержащего характеристику жилого помещения (техпаспорт или справка- БТИ);
6. В случае фактического проживания заявителя не по месту постоянной регистрации представить копию свидетельства о регистрации по месту пребывания;
7. Копии СНИЛС родителей;
8. Банковские реквизиты льготника (по желанию);
9. Документы, подтверждающие доход родителей и детей старше 18-ти лет за три предыдущих месяца перед месяцем подачи заявления (справки о начисленной заработной плате с места работы (для работающих граждан), копии трудовой книжки и справку с/администрации (для безработных граждан) справки о размере пенсии (ПФР), справка о размере получаемого пособия по безработице из ЦЗН (для безработных граждан), справки из налоговой инспекции о том, что незанимаются предпринимательской деятельностью;
10. Документы, подтверждающие отсутствие задолженности по оплате жилых помещений и коммунальных услуг либо заключение и (или) выполнение соглашения (соглашений) по ее погашению.

# Поздравляем Председателя с Почетной грамотой



В рамках празднования Дня матери и 5-летия движения «Матери России» РД, 21 ноября, в г. Махачкала, в «Доме дружбы» состоялся торжественный вечер-концерт. На этом торжественном мероприятии Председателю РО ВОД «Матери России» РД по Унцукульскому району Кудиевой Барият Ахмедовне, Таиса Магомедова - Председатель РО ВОД «Матери России» РД «За самоотверженный труд по сохранению в дагестанском обществе семейных духовно- нравственных ценностей во имя счастливого материнства и детства» вручила Почетную грамоту.

Уважаемая Барият Ахмедовна!

От имени главы района Исы Нурмагомедова, сотрудников районной администрации, депутатов районного Собрания депутатов, сердечно поздравляем Вас с этой высокой, заслуженной наградой.

Ваш организаторский талант, умение последовательно и четко решать самые сложные задачи, самоотдача и работоспособность - качества вызывающие искреннее уважение не только коллег, но самое главное - простых жителей нашего района!!!

Примите слова благодарности за Ваш каждодневный достойный труд на благо не только нашего района, но и страны в целом.

Пусть Ваша энергия, активная жизненная позиция способствуют достижению новых успехов на профессиональном и жизненном пути.

Желаем мира, добра и дальнейших творческих успехов.

Отметим, что это не единственная награда Барият Кудиевой.

В октябре этого года ей была вручена юбилейная медаль «Союз женщин Дагестана», а в прошлом году «За неоценимый вклад в развитии социально-значимых проектов в сфере семьи, материнства, отцовства и детства! За общественное признание и личный вклад в продвижении традиционных семейных ценностей и материнства в жизни человека и государства!» вручена Почетная грамота от Председателя РО ВОД «Матери России» РД Таисы Магомедовой.

## Ахмед Гаджимагомедов :
# «Мы команда чуткого руководителя»

(Ко Дню работника налоговых органов Российской Федерации)



**21 ноября, сотрудники налоговых органов России отмечают свой профессиональный праздник. В преддверии этого праздника мы встретились с начальником правового отела Межрайонной инспекции федеральной налоговой службы России № 10 по РД Гаджимагомедовым Ахмедом Абдурашидовичем .**

Ахмед Абдурашидович является одним из лучших сотрудников, чья деятельность является примером для подражания его коллег.

За время работы начальником правового отдела инспекции им направлены десятки материалов в арбитражные суды и суды общей юрисдикции, более 90 % удовлетворены в пользу налогового органа.

В 2005 году он был награжден знаком отличия «Отличник ФНС России».

В своем интервью Ахмед Гаджимагомедов рассказал нам о важных аспектах налогового органа и о его задачах и функциях.

**– Ахмед Абдурашидович, позвольте в первую очередь поздравить Вас и в Вашем лице ваших коллег с профессиональным праздником, а также пожелать вашему коллективу мира, добра и удачи на вашем поприще.**

- Спасибо.

**-Расскажите о себе: кем вы работаете и как долго работаете в этой профессии?**

-Родился я в 1962 году в с. Унцукуль Унцукульского района. Окончил в 1980 г. Унцукульскую СОШ № 1 и поступил в техническое училище г. Махачкала.

С 1981 – 1983 гг. – служба в рядах Советской Армии – (ВДВ – командир взвода).

С 1984 года проработал в ОАО «ЧиркейГЭСстрой». Затем в 1987 окончил Всесоюзный энергостроительный техникум.

А уже с 1992 г. работал директором филиала РБТИ по Унцукульскому району.

С 1993 г. по настоящее время работал в налоговой службе на различных должностях.

В 2001г. окончил Институт управления и бизнеса - «Экономист» (финансы и кредит).

В 2009 г. окончил Институт управления и права – «юриспруденция».

С 2006 года работаю начальником правового отдела Межрайонной инспекции федеральной налоговой службы России № 10 по РД.

**-Что входит в Ваши обязанности?**

Основными моими задачами и функциями являются:

– правовая экспертиза документов подготавливаемых в инспекции, оказание правовой помощи подразделениям инспекции по вопросам применения законодательства,

-производство, участие и юридическое сопровождение дел о налоговых и административных правонарушениях,

-оформление и предъявление в суды общей юрисдикции и арбитражные суды исков по всем основаниям,

- защита государственных интересов в арбитражных судах и судах общей юрисдикции.

**-Пожалуйста, охарактеризуйте в целом: что такое налоговый орган, каково его главное предназначение?**

-Налоги являются главным финансовым источником государства.

Во все времена основной целью налогов является обеспечение деятельности государства, ее оборона, образование, здравоохранение, пенсионное обеспечение граждан, социальные программы и т.д.

В настоящее время налоговая инспекция – это не просто государственный фискальный орган, а мощный аналитический, информационный и консультационный центр.

Сегодня в работе налоговой инспекции используются современные технологии. На официальном сайте ФНС Росси www.nalog.ru действует ряд электронных сервисов, позволяющих узнать задолженность по транспортному, земельным налогам, налогу на имущество, налогу на доходы физических лиц , сформировать платежное поручение и осуществить налоговые платежи .

Сбор налогов - важная государственная задача, от реализации которой во многом зависит полнота и качество выполнения государством социальных и других функций. И с этой очень непростой задачей сотрудники нашей инспекции, под чутким руководством начальника Гаджиева Гаджи Магомедовича, успешно справляются.

**-21 ноября Вы будете отмечать профессиональный праздник. Что пожелаете своим коллегам?**

Хочется подчеркнуть, что эту сложную задачу на сегодня, добросовестно и ответственно выполняют все сотрудники налоговой инспекции, люди, которые заслуживают почет и уважение, которыми гордишься, и на которых всегда можешь положиться.

Я благодарю всех своих коллег за их нелегкий, кропотливый и важный труд на благо нашей страны. Желаю им бодрости духа, крепкого здоровья и успехов. Поздравляю с профессиональным праздником, также поздравляю и ветеранов налоговых службы. Желаю им крепкого здоровья, счастья и благополучия.

А налогоплательщикам желаю финансовой стабильности и благополучия.

**-Мы благодарим Вас за интересную беседу и подробные ответы. Желаем вам здоровья, счастья, благополучия и успехов в ответственной деятельности на благо России.**

**Мадина СУЛТАНОВА**

# Каждое рабочее место должно пройти специальную оценку

До конца 2018 года отечественные работодатели, согласно законодательству, должны оценить условия, в которых трудятся ихсотрудники. Несмотря на то, что до конца срока, установленного законодательством, осталось не так уж много времени, вопросов, связанных с этой процедурой предостаточно.

Первый вопрос о том, кому нужно проводить спецоценку.

Начнем с того, что спецоценку должны проводить все работодатели, независимо от юридического статуса, вида деятельности, численности работников. Эта обязанность закреплена Федеральным законом «О специальной оценке условий труда», принятым в 2014 году. По сути, эта процедура пришла на смену аттестации рабочих мест. Она представляет собой комплекс мероприятий, которые позволяют выявить вредные и опасные факторы на производстве, оценить уровень их воздействия на работника. По результатам проведения спецоценки рабочим местам присваиваются классы и подкласс по степени вредности или опасности. Всего их четыре: оптимальные, допустимые, вредные и опасные. В зависимости от установленного класса применяются соответствующие тарифы взносов на финансирование страховой части трудовой пенсии.

От ее результатов напрямую зависит размер страховых взносов в Пенсионный фонд по дополнительному тарифу за сотрудников, занятых на вредном и опасном производстве. Проще говоря, чем хуже условия труда, тем выше тариф отчислений; чем они лучше, тем тариф ниже. Если условия труда безопасные, то дополнительный тариф и вовсе снимается.

Необходимо отметить, что работодатель при проведении спецоценки имеет право на компенсацию из средств Фонда социального страхования. При этом у организации не должно быть долгов, штрафов или пени по отчислениям в ФСС. Размер компенсации составляет не более 20% от суммы страховых взносов, перечисленных в Фонд за предшествующий год. Если на предприятии были страховые случаи в этом периоде, то сумма уменьшается на величину расходов на выплату обеспечения застрахованным лицам.

Второй вопрос о возможности проведения специальной оценки силами самой организации.

Согласно Федеральным закону «О специальной оценке условий труда» работодатедь должен заключить договор со сторонней организацией. Прежде чем сделать выбор, проверьте, входит ли компания в специальный реестр Министерства труда и социальной защиты РФ. Имеет ли в своей структуре испытательную лабораторию, аккредитованную в области проведения исследований и измерений вредных/опасных факторов. В штате организации должно быть не менее пяти экспертов с сертификатами на выполнение работ по СОУТ. Важно понимать, что, заключив договор с компанией, которая не подходит под один из перечисленных критериев, проведенная вами спецоценка, скорее всего, окажется недействительной.

Периодичность проведения процедуры.

Специальная оценка условий труда проводится один раз в пять лет. Но обратите внимание, если по ее результатам установлены безопасные условия труда, работодатель может подать в Государственную инспекцию труда Декларацию соответствия условий труда государственным нормативным требованиям и больше не проводить СОУТ на декларированных рабочих местах. Внеплановая спецоценка условий труда возможна в том случае, если на предприятии были введены новые рабочие места, или по предписанию трудовой инспекции.

**МАГОМЕДАЛИЕВ М.**
**Ведущий специалист по трудоустройству ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульсуий район»**

# Информация для ветеранам труда

Управление социальной защиты населения в МО «Унцукульский район» доводит до сведения граждан, что согласно закону Республики Дагестан от 4 октября 2018 года № 51 предусматривается предоставление мер социальной поддержки по оплате коммунальных услуг ветеранам труда и реабилитированным лицам в виде компенсации расходов исходя из объема
потребляемых коммунальных услуг, определенного по показаниям приборов учета, но не более нормативов потребления, утверждаемых в установленном законодательством Республики Дагестан порядке.

С учетом изложенного в Законе РД всеми вышеуказанными категориями гражданам до 1 декабря должны быть представлены сведения, подтверждающие фактически произведенные расходы на оплату жилых помещений и коммунальных услуг за текущий календарный год.

# Жамиля ГІабдулаева: «Нужер лъимал - тІабигІаталъ нужее гъабураб сайгъат»



Психология ккола гІадамасул ва обществалъул рухІияб хІалалъул сахлъи цІунулеб гІелму. Жакъасеб стрессал ва ургъелал гІемераб гІумруялъулъ психологасул хІалтІул буго кІудияб кІвар. РухІияб рахъалъе жагъаллъи ккарав чиясул бажаруларо хІасил кьоледухъ хІалтІун, живго цеветІезавизе, гІагаразулгун байбихьула гьоркьоблъи хвезе.

Лъималазул рухІияб сахлъи – гьеб буго бищунго кІвар цІикІкІараб рахъ, гьелъие гІоло къеркьезе ккола киналго, гьеб ккола вукІинесев инсанасул сахаб гІумроялъе кьучІ лъей.

Лъималазул рухІияб сахлъи гІемерисеб мехалда бараб букІуна гьесул эбел-инсулгун бугеб гьоркьоблъиялда. Лъималазулги эбел-инсулги гьоркьоблъи, цоцада ричІчІи кидаго букІине ккола тІадегІанаб даражаялда. РакІчІун абизе кІола киналго умумазул анищ букІуна лъималазулгун цогояб пикрабазда рукІине кколин, амма лъаларо щиб гьелъие гьабизе кколебали, сундасан байбихьилебали, сундаса гьел цІунилелали, вас-васдилел рукІуна кинаб рахъ гьезул гІамалалъул кквелебали лъаларо.

Жамиля ГІабдулаева ккола І2 соналъ ясли-ахалда хІалтІарай психолог, жийго кІиго лъимадул эбел. Гьелда рагІабаздалъун гуреб ишалдалъун лъала психологиялъул рахъалъ кигІан загІипаб букІунеб лъимадул ракІали.

Дагъал церегІан кьоязда нижер хІалтІухъаби дандчІвана Жамиля ГІабдулаевагун ва гьарана жиндирго хІалтІул х1акъалъулъ газета цІалулезда бицеян.

**-ТІоцебесеб иргаялда баркула дуда профессионалияб праздник – психологасул Къо ва гьарула дуе сахлъи, рохел ва хадубккунисеб хІалтІулъ бергьенлъаби.**

-Баркала

**-Лъазе бокьилаан щиб гьабизе кколеб лъималазулгун цоцада ричІчІулеб гьоркьоблъи букІинабиялъе, гьезие гІицІго улбуллъун гурелги, бищунго гьезие хириял гІадамаллъун рукІине ккани?**

- ГІедал щиб щвезе бугеб умумазул рахъалъ лъималазда ракІалде? Нилъер щивас гьеб суал цІунун букІине ккола пикрабалъ ва кьезе ккола жидеего. Лъималазул пикраби ва ракІалде щвеял рукІуна кьерилъ тІу-тІурал, амма цоцояб гьезул памяталъуль хутІула абадиялъего. ГьабсагІаталда нилъеца гьедигІанго кІвар гьечІеблъун рикІкІарабги лъималазе букІуна кІвар цІикІкІараблъун, эбел-инсул кунчІарал, чІагоял сураталлъун, хадуб гьез гьелдаса мисалги босула. РакІалде щвезабе нужерго ва нужер гІага-божаразул лъимерлъи. РакІалда хутІун букІуна цо кидаялиго къварилъи ккараб мехалъ эбелалъул гьумер, хІалтІи гІемерлъун бугилан инсуца гьоркьоб биччазабураб школалъул спектакль, росу, шагьар тун къватІире рачараб мехалъ лъималазул букІараб рохел. Цоцо бутІаби лъималазул ракІазулъ хутІула абадиялъего, чан сон бан бугониги.

ЧІоларо гьезда ракІазда кинал рукІаниги, нужеца гьавураб къоялъ росарал игрушкаби, кигІан гІемер босаниги мороженое. Лъугьа-бахъинал гІагаралльун рукІуна хьизаналда бук1аралдаса.

Лъималазда бичІчІула нилъее гьел рокьулеблъи. Амма дуца телевизор къатІизабун, яги телефон нахъе лъун гьезде кІвар кьуни, гьеб гьезие батІаго хирияб букІуна.

«Дие нуж рокьула» - гьеб рагІи гІемер абуни байбихьула гьелъул дагь-дагьккун магІна хвезе. Руго цогидал къагІидабиги лъималаздехун бугеб рокьи загьир гьабизе. Масала, «Дун дудаса чІухІула», «Дуца нилъер хьизан лъикІаблъун гьабулеб буго», «Мун вуго лъикІав гьудул». Гьел каламаз лъималазулъ бижула жидедего ракІчІей, жиндехунго адаб гьаби.

**- Кинаб нух дуца батулеб захІматаб хІалалдаса рорчІизе?**

-Мун ккола дурго лъималаз мисал босулев чи, мисаллъун чІола жидее цІияблъун кколеб кинабго. Гьезул гІумроялда захІматаб заманалда, масала, нилъер хьизаналдаса цо чи хвани яги унтани дур рагІаби яги дур пиша лъугьуна гьезие жалго цІунараллъун рукІиналъе мисаллъун. Гьединал лахІзатал бищунго ракІалда чІолеллъун хут1ула.

**-Нилъ аскІор гьечІеб мехалда?**

-Лъималаз захІматго тІобитІула нилъ аскІор гьечІеб заман. Гьебго заманалда буго гьелъул лъикІаб рахъги. Жалго лъикІал лъугьун ругьунлъула захІматаб заман къвинабизе, цере лъурал масъалабазе нух батизе.

**-ЧІахІиязул цоцадехун бугеб бербалагьи кин гьезда бичІчІизе бегьулеб?**

-Лъималаз кидаго мисал босула эбел-инсудасан. Гьединлъидал гьезда рагІиледухъ нужеца кинаб букІаниги гьибат-бугьтан цогидасда лъуни, цогидазул хІакъалъулъ лъикІаб гьечІеб пикро загьир гьабуни, лъималаз гьеб рикІкІуна битІараблъун ва гьебго къагІидаялъ гьезги такрар гьабула эбел-инсул гІолареб рахъ.

**-Кин дуца къвинарулел захІматаб заман ва стрессал?**

-ГІумро кидаго гуро бигьаяб ва ургъел гьечІеб букІунеб. Гьединаб хІалалде ккарал нилъедаса лъималаз мисал босула нилъер тІабигІаталъухъ балагьун. Кинал рукІаниги захІмалъабазе нилъ къуркьани, гІедал лъималги лъугьуна захІмалъабазе данде чІун бажаруларелллъун, хехго рекизе кІолеллъун. Гьединго гьезда бичІчІула захІматаб хІалалде ккани, нилъеда божизе бегьулареблъиги. Дие кутакалда бокьилаан улбуз жидерго лъималазул лъимерлъи тІабигІаталъ жидее сайгъат гьабураб, кьимат тІокІаб сайгъат гІадин кьабул гьабуни. Гьеб заманалда нилъ рукІине ккола лъималгун, гьезул тІалаб-агъазалда, гьездаса рохун, гьелъ лъималазе асарги гьабула. ГІедегІизабуге заман, рукІа гьелгун кидаго!

-Нижеца ракІ-ракІалъулаб баркала кьола дуе, дур интересаб гара-чІвариялъухъ. РакІ чІараб буго эбел-инсуе гьеб кутакалда пайдаяблъун букІинин.

**Мадина СУЛТІАНОВА.**

# Армиялде тІоритІана

27 ноябралда роха-хинлъиялъул ахІвал-хІал букІана районалъул администрациялъул минаялда цебе. Гьеб бухьараб букІана нилъер районалдаса гІолохъаби армиялде тІоритІиялда. ГІолохъаби нухда регІизе рачІун рукІана эбел-эмен, гьудулзаби, бакІалъулаб властаалъул вакилзаби ва районалъул рагъулав комиссар Ш. МухІамадов.

Хинал нухда тІоритІиялъул рагІабигун цеве вахъана районалъул рагъулав комиссар Шамил МухІамадов: «Дун кутакалда вохарав вуго нуж нухда регІизе щвеялдаса, ракІчІун абизе кІола нужеца ракІбацІадго тІубазабилин ВатІаналда цебе тІадаб борч, ниж киналго рохарал рукІина нужеда гьабго къагІидаялъ роха-хинлъун дандчІвазеги».

Культураялъул отделалъул нач. ГІ. ГІабдулаевас кІалъазе рагІи кьуна хІинкъи гьечІолъиялъул рахъалъ администрациялъул бетІерасул зам. М. ХІамзатовасе: «Хириял тадбиралъул гІахьалчагІи. Жакъа нилъеца нухда регІулел руго нилъерго гІолохъаби, гьез тІадаб борч ракІ бацІцІадго тІубазабилин хьулалда. Армиялда хьулухъ гьаби – гьеб ккола нилъер ВатІан цІуни. Дие призывниказда абизе бокьун буго – ВатІан байбихьула нилъ рижараб ва гІураб ракьалдасан. Гьарула нужеда хьулухъ гьабе нужерго хьизан, гІагарлъи, гьудулзаби нужедасаго чІухІулеб хІалалда».

Гьединго кІалъазе вахъарав призывникасул эмен, Афганисталалъул лъугьа-бахъиналъул гІахьалчияс насихІат гьабуна киналго унго-унгоял дагъистаниялльун рукІа,-ян. Гьарана гьезие сахлъи ва абуна нужехъ рокъор ралагьун чІун рукІин кІочонгеян. КІалъазе вахъарав МухІамад ГІалихІажиевас гьезие гьабуна лъикІаб дугІа.

Цецерахъиназдаса хадуб букІана гьезие рагъулал билетал кьей. Районалъул рагъулав комиссар Ш. МухІамадовас билетал кьуна Унсоколоса Шамиль МухІамаевасе ва МухІамад ГІабдурахІмановасе, Генуса ВухІама МухІамадовасеги.

Тадбир ана концерталъул цецерахъиналгун ва ракІалде щвеялъе суратал рахьиялгун.

*Утвержден*
*Постановлением главы*
*МО «Унцукульский район»*
*от «26» 11 2018 г. №*

| № п/п | Наименование объектов приватизации, его характеристики | Предполагаемые сроки приватизации | Способ привати зации |
|---|---|---|---|
| 1 | Автомобиль ТОЙОТА КАМРИ 2007 г. в., владелец МО «Унцукульский район» | 1 полугодие | аукцион |
| 2 | Автомобиль ВАЗ-21099 2003 г. в., владелец ЕДДС администрации МО «Унцукульский район» | 1 полугодие | аукцион |
| 3 | Автомобиль ВАЗ-2123 Шевроле 2010 г. в., владе лец администрация МО «Унцукульский район» | 1 полугодие | аукцион |

**ЛЪАЗАБИ**

Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалъ МухІамадгІалиева Асият МухІамадовналъул цІаралда І992 соналъул июналъ кьураб № ІІ4323 бугеб, гьоркьохъеб лъаялъул аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 20. 11. 18 г. 16. 30
фактически -16. 40 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.